



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.

2) Ou pa gen dwa pale nan sal

Dire: 3 zè

Malarya

Malarya se yon maladi grav moun pran lè moustik pike yo. Pou lane 2006 la, OMS (Oganizasyon Mondyal Sante) kontwole gen anviwon 250 milyon moun ki fè malarya. Gen yon milyon nan moun sa yo ki mouri, 90% moun ki mouri yo soti nan Afrik nan zòn anba dezè Sahara. Pi fò viktim yo se te timoun ki te gen mwens pase 5 lane. Malarya egziste anpil kote sou latè. Ann Afrik, nan zòn anba dezè Sahara a, malarya okipe premye plas nan lis maladi ki lakòz moun pèdi lavi yo. Li nan premye plas kòm maladi ki plis frappe moun, ki lakòz gen plis timoun piti ki pran reta nan devlopman fizik yo. Nan zòn sa a (anba dezè Sahara), yo kontwole gen yon timoun ki mouri akòz Malarya chak 30 segonn.

Malarya pa jwe ak fanm ansent. Malarya reprezante yon gwo menas pou prèske 50 milyon fanm ansent chak lane. Nan zòn ki toujou gen Malarya, nan ka yon fi ansent e ki soufri Malarya, gen 20% chans pou timoun ki pral fèt la gen pwoblèm nan nesans lan mete sou lòt ka tankou: anemi, timoun ki fèt tou mouri ak manman ki mouri aprè yon akouchman.

Anofèl se non moustik kap transmèt jèm Malarya bay moun youn apre lòt, lè li fin pike yo. Yo rele parazit ki bay Malarya a plasmodyòm (plasmodium). Lè anofèl la pike moun, yo vin malad, yo gen gwo lafyèv, dyare, vomisman, tèt fè mal, frison avèk grip. Nan ka timoun, maladi a ka vin grav anpil nan yon tikras tan. Timoun nan ka tonbe nan koma oubyen li ka mouri. Timoun ki poko gen 5 lane fasil fè malaria paske sistèm defans kò yo twò fèb pou reziste ak maladi a.

Anpil vi te ka sove si yo te fè prevansyon oubyen si yo kòmanse tretman an bonè. Se dwa timoun ansanm ak fanmi yo pou yo jwenn bon kalite swen k ap ede yo trete maladi Malarya san pèdi tan epi se dwa yo pou yo pa kite Malarya antre sou yo tou.

Gouvèneman yo nan tètansanm ak komite yo, ONG ansanm ak òganizasyon kominotè kapab travay pou gen mwens moun ki malad nan fè prevansyon tankou : bay fanmi yo moustikè ki gen enspektisid ladan pou yo dòmi anba yo aswè.

Konesans pou n sove lavi, UNICEF, 2017

PREMYE PATI

A) Konprevansyon

1. Pou ki rezon, dapre ekstrè a, nou di malarya se yon maladi danjere?
2. Pou ki kategori moun malarya reprezante yon pi gwo danje ? ki rezon k fè w di sa ?
3. Kòman moun fè trape maladi sa a ? E ki parazit ki bay li ?
4. Ki sentòm moun ki gen malarya yo prezante ? E kisa maladi a ka pwovoke lakay timoun ?
5. Kòman yon popilasyon ka rive konbat malarya ?
6. Ki dives pèsonaj ak enstitisyon kesyon sa a konsène ? E kòman yo ka aji pou ede popilasyon an lite kont Malarya?

Dezyèm Pati

B) Gramè – Vokabilè –Tradiksyon

1. Endike kisa oksilyè pilye ki souliye piba yo eksprime: (obligasyon, pwobabilite, pèmisyon, posibilite....);

- a) Ou mèt manje lè w fin fè devwa a. _____
- b) Tout moun dwe pwoteje tèt yo kont malarya _____.
ch) Nou kapab pwoteje timoun yo si n al lopital avèk yo. ____
- d) Mwen ka pase lakay ou demen maten _____

2. konplete tablo sa a pandan w ap endike nan ki kategori gramatikal mo ki nan souliye nan fraz yo ye:

Fraz	Kategori gramatikal
1 Yo etidye <u>tout</u> leson an.	
2 Mwen renmen liv <u>ki</u> gen bèl istwa.	
3 <u>Ayayay!</u> ou fè dezòd twòp.	2.
4 Li te pase lakay mwen <u>men</u> li pa t rete.	

3. Jwenn twa rezo leksikal sa yo nan tèks la (Pou pi piti 4 mo pou chak):

- a) Moun : _____ ch) lasante:
- b) Maladi : _____

4. Men yon estwòf :

Si manman Vewonik te koutirye bodmè
Vandredi li ta ka koud yon mouchwa pakoti
Pou l seche letan san k inonde fas latè
Mouri nan syèl karèm kòm zetwal lafanmi.

- a) Ki kalite vè ki konpoze estwòf sa a ?
- b) Endike kalite rim yo ak dispozisyon yo.

5. Tradui de (2) dènye fraz nan senkyèm paragraph la an fransè .

6. “Manman pitit la kouri ale pote kòb la bay doktè a ”.

- a) kòman yo rele gwoup vèb ki souliye nan fraz la ?
- b) Ekri de (2) lòt fraz ki gen yon gwoup vèb tankou modèl la.

7. Analize epi fè reprezantasyon grafik fraz konplèks sa a
“ Tout moun espere w ap pote laviktwasou malarya”.

Ch- Pwodiksyon ekri : (chwazi youn pami de sijè sa yo)

1. Pwoteje sante pèp la, evite popilasyon an trape vye maladi se youn pami pi gwo priyorite Leta ayisyen fikse.

Ekri yon tèks agimatatif pou kore ide sa a pandan w ap eseye konvenk yon lòt gwoup ki opoze nèt ak rezonman w yo paske yo vini ak ide kontrè pou montre sa w di yo pa kenbe. Mete w nan plas yo pou wè ki agiman solid yo avanse, epi eseye konvenk yo.

Ekri yon tèks ensitatif (li kapab yon bèl piblisite)
Pou pouse moun ki konsène yo aji pou tout popilasyon an ka jwi yon meyè sante san yo pa bezwen konte sou letranje ak pakèt ONG k ap travay nan domèn lasante.